

1 février 2023

Chè Manm Komite Lekòl yo,

Mwen kontan pou fè konnen bidjè Egzèsis24 nou an. Antan ke yon dirijan lekòl, mwen te itilize yon sezon bidjè antan ke yon opòtinite pou panse sou sa ki fonksyone ak sa ki pa fonksyone. Mwen t ap konsidere sa mwen bezwen kontinye pou elèv yo ak sa yo kapab replanifye pou yon bon pi rezilta. Bidjè a se yon deklarasyon valè nou yo. Nou tout te tande sa avan sa, men mwen vrèman kwè sa. Nan yon nivo Distri a, sa se yon opòtinite inik pou fè menm bagay la pou envesti nan sa nou kwè ki pral ranfòse lekòl nou yo epi pote vizyon nou genyen sou ekite a an reyalyte.

An kolaborasyon avèk ekip mwen an ak dirijan lekòl yo, nou ap bati yon bidjè dirab odela fen finansman ESSER a ki reponn ak bezwen alavni elèv nou yo epi jete baz yo pou nou kapab envesti nan domèn priorite nou yo. Pandan nou ap fè divès chanjman nesèsè alontèm epi ki enpòtan nan literasi, edikasyon enklizif, ak edikasyon miltileng ak segondè, nou ap detèmine pou livre pwomès nou nan ekite ak ekselans edikatif.

Nan pwosesis ki mennen nan pwopozisyon bidjè sa, mwen te mande ekip la pou konsidere chak gwo ak ti desizyon apati de pwennvi elèv yo. Nou isit la pou elèv nou yo; yo dwe nan sant chak desizyon nou ap pran, epi envestisman nou yo dwe ranfòse rezilta elèv nou yo.

Pou reponn ak bezwen elèv nou yo epi kreye yon distri ki konplètman enklizif, yon distri ki gen wot pèfòmans pou tout elèv yo, mwen ap pwopoze yon **bidjè finansman jeneral Egzèsis24 ki se 1 439 030 665\$, yon ogmantasyon 65\$ M** siperyè pa rapò ak bidjè Ane Fiskal 2023 pou soutni timoun Boston yo. Sa gen ladan l ogmantasyon kou operasyon aktyèl yo (sa vle di, kou nivo sèvis yo) akòz de chanjman ki nan founisè sèvis yo (sa vle di, transpò) ak ogmantasyon depans nan bezwen elèv yo (sa vle di, divès resous edikasyon espesyal ak amelyorasyon enstalasyon yo), ak demann nou an pou nouvo envestisman yo.

BPS gen yon fòtin enkwayab pou gen sipò kontini nan men Majistra Wu ak Vil Boston. Mesaj li a te klè: pou bati yon pi bon avni, nou dwe asire ke elèv nou yo jwenn aksè ak divès opòtinite aprantisaj kalite chak jou. Nou konnen amelyorasyon aksè ak kalite a pral bezwen yon pi gwo envestisman, epi avèk angajman Majistra Wu 50\$ milyon pou bati divès kominote lekòl, tout elèv yo pral jwenn resous yo bezwen pou fè siksès. Nou ap planifye yon nouvo epòk patenarya avèk Sendika Boston lan ansanm ak lòt sendika nou yo ki pral asire ke chak salklas nan Lekòl Piblik Boston yo enklizif pou tout elèv yo. Anplis, avèk angajman Majistra Wu nan yon envestisman 2\$ bilyon, nou gen divès resous an kapital pou lanse yon nouvo epòk pwojeksyon konstwi lekòl avèk Green New Deal pou BPS. Nou ap travay pou elaji aksè ak divès espas aprantisaj ki san danje, ijyenik, ki sifizan nan enèji, enspiran avèk divès salklas, kafeterya, oditoryòm modèn, ak divès espas pou espò, deyò, pou reyinyon, ak pou sipò. Tout elèv yo bezwen divès anviwònman kote yo kapab aprann ak grandi epi angaje yo nan divès aktivite ki pral ede yo dekouvri pasyon yo genyen byen bonè.

Atravè bidjè ki pwopoze a, nou ap envesti nan divès opòtinite pou yon edikasyon ti anfans de kalite ak aksesib ansanm ak sipò sosyo-emasyonèl pou aprenan miltileng nou yo pou asire ke jèn nou yo jwenn zouti yo bezwen pou reyisi nan lavi a.

Nou ap apwofondi envestisman nou an nan estrateji literasi ekkitab nou an epi elaji pwogramasyon pakou fakilte bonè ak karyè pwofesyonèl nou an pou ede elèv yo jwenn divès kredi fakilte yo bezwen pou yo gradye epi fè rèv yo vin yon reyalite. Misyon nou an jeneral se pou kreye divès anviwònman aprantisaj kote tout elèv yo santi yo ba yo valè, jwenn sipò, epi jwenn ankourajman pou atenn plen potansyèl yo. Bidjè Egzèsis24 nou pwopoze a dispoze fondasyon an pou fè sa.

Depi nan retounen nan BPS, mwen te kolekte pwennvi ak eksperyans diferan moun sou sa ki mache nan distri a ansanm ak priorite kominote yo. Pwennvi sa yo te enfòm pwopozisyon sa epi te ede fòm sa mwen wè kòm priorite pou Egzèsis24 la. Pou reponn ak bezwen elèv nou yo ak kreye yon distri ki konplètman enklizif, wot pèfòmans pou tout elèv yo, nou ap konsantre sèlman sou travay ki fè yon diferans pou timoun yo.

Mwen kwè nou kapab fè siksè lè nou konsantre ak envesti nan sis domèn:

1. **Estrateji Edikasyon Enklizif** - BPS angaje pou favorize yon anviwònman enklizif nan maksimize potansyèl tout elèv. Kontra BTU ki apèn negosye pou ofri nou yon opòtinite inik pou fè avanse travay sa nan yon fason akselere an patenarya avèk edikatè nou yo ki pi pwòch elèv nou yo. Zafè pou n veve ke chak lekòl enklizif bezwen nou repanse, resikle ak rekonsidere fason nou ap travay antan ke yon distri. Nou dwe pwofite de konesans elèv nou yo epi itilize divès metòd enklizif ak pratik pou anseye ak divès materyèl pedagogik pou soutni tout elèv nou yo nan sa yo bezwen.

Priorite nou se ranfòse egalman patenarya avèk fanmi yo nan pwosesis pwogram edikatif endividyalize (IEP) a ak plasman elèv yo nan anviwònman ki mwens restriktif (LRE). Sa pral bezwen plizyè ane envestisman. Nou pral kontinye envesti nan yon sou-ansanm lekòl pou rann nesèsè divès chanjman estriktirèl pou garanti ke ansanm salklas chak lekòl pral an mezi pou founi yon kontinyòm sèvis pou chak elèv. Atravè envestisman sa yo, elèv nou yo pral kapab devlope konpetans fondamantal yo ak konesans nesèsè pou siksè akademik, tankou konpetans lekti, ekriti, ak matematik, ak kapasite pou panse yon jan kritik epi rezoud divès pwoblèm.

Pandan ke n ap dirije nou vè ekspansyon edukasyon enklizif nan echèl distri a, nou pral jete egalman baz tout lekòl yo avèk eleman ki vini an apre yo:

- **Enstriksyon Baz Solid Nivo 1.** Sa vle di ede elèv nou yo bati konpetans fondamantal yo bezwen pou reyisi pandan yo genyen nivo klas kiltirèlman ak lengwistikman adapte nan nivo lekòl. Anplis, ansèyman debaz Nivo 1 gen ladan l egalman divès konpetans sosyal ak emosyonèl tankou otoregilyasyon, ak komunikasyon.
 - **Mizannèk Sistèm Sipò a Plizyè Nivo (Multi-tiered Systems of Support, MTSS).** Sa vle di kreye divès resous distri pou fòmasyon otou itilizasyon divès done ki enfome sou enpak ansèyman debaz Nivo 1 ki fè enpak sou rezilta elèv yo. Itilize done sa yo pèmèt nou siveve yon jan sere pwogrè pandan tout ane a pou idantifye divès entèvansyon ak resous ki kapab nesèsè pou yon elèv ki poko reponn ak atant nivo klas yo, ki gen ladan divès referans ak sèvis pou edukasyon espesyal.
2. **Edikasyon Miltileng, Miltikiltirèl** - Avèk yon dimnisyon enskripsyon pandan dènye deseni an ak pandan pandemi an, distri nou an ap konnen yon ogmantasyon nan enskripsyon pami aprenan miltileng nou yo. Se yon trè bon nouvèl pou distri nou an epi sa pral bezwen plizyè ane envestisman. Nou pral kontinye aliye ak envestisman nou yo avèk [Biwo plan estratejik Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl](#) nan bidjè sa ak bidjè alavni yo. Nou ap kontinye soutni angajman nou pou elaji aksè ak lang matènèl pou alwe divès fon pou ogmante pwogram edukasyon bileng yo epi reponn ak bezwen sosyal ak emosyonèl Aprenan Miltileng nou yo avèk yon Edikasyon Fòmèl Limite ak Entewonp (SLIFE). Nou pral pwofite de lang matènèl elèv nou yo epi refòmè edukasyon miltileng nan vil nou an pou asire ke bezwen tout elèv yo rive satisfè. Nou ap rive nan sa nan angaje kominote a pou planifye pou yon ekspansyon plizyè ane nan pwogramasyon bileng, patrimwàn ak lang mond lan, ki gen

ladan l reyalizasyon elèv Massachusetts State Seal of Biliteracy. Anplis, divès konsiderasyon espesyal yo dwe pran pou garanti ke tout Aprenan Andikape Miltileng yo (Multilingual Learners with Disabilities, MLWD) resevwa sèvis ak sipò apwopriye, ki gen ladan yo sipò lang matènèl la. Nou pral investi tou nan divès materyèl pedagogik debaz Nivo 1 ak fòmasyon pou amelyore ansèyman ak rezilta nan pwogram aprenan miltileng yo.

3. **Literasi Ekitab** - Pandemi an te revele nouvo disparite nan konpetans literasi ki fè enpak sou reyisit nan tout matyè yo. Sa rekòmande nou redouble efò pou mete an èv yon soutyen eksplisit nan lekti ak nan ekriti ki fonde sou divès done baze sou prèv pou tout elèv nan chak lekòl. Gras ak estrateji literasi ekitab nou an, tout elèv yo aktivman angaje nan divès tach ak divès tèks nivo klas ki kiltirèlman ak lengwistikman adapte epi ki aliye sou nòm chak jou nan tout domèn kontni yo. Avèk yon konsantrasyon pèsistan sou aksè ak nivo klas, tout elèv yo pral kapab atenn konesans, konpetans, ak kapasite pou fè siksè. Anplis, efò sa yo pèmèt nou priorize literasi disiplinè, yon fason pou anseye konpetans yo nan lekti ak nan ekriti adapte ak matyè ki etidye a (sa vle di, syans, syans sosyal, ak matematik). Sa pèmèt nou rekonèt pi bonè lè divès lakin fòme epi anpeche yo fòme an premye. Efò sa fondamantal pou tout elèv yo pou atenn plen potansyèl yo epi konble disparite edikatif yo ki soti nan pandemi an ak odela.
4. **Travay Sosyal, Jistis Reparatri, ak Sante Mantal** - Anplis de investisman akademik yo, nou dwe investi nan byennèt sosyo-emosyonèl elèv nou yo ak nan soutyen ak sekirite ki esansyèl pou ranfòse rezilta elèv yo. Elèv nou yo ak pèsònèl nou an dwe jwenn aksè ak anviwònman aprantisaj ak ansèyman fizik ak emosyonèl ki sèten. Nou te kontinye fè investisman nan lekòl nou yo pandan dènye ane yo, kòm divès pratik jistis reparatri, divès travayè sosyal bileng, liyezon fanmi, divès pwotokòl sekirite, prevansyon kont entimidasyon, divès konseye entegre, ak medyasyon pa kamarad yo, pou garanti ke tout elèv nou yo resevwa sipò yo bezwen. Anplis, sou baz rapò sekirite ki soti nan Konsèy Great City Schools, ki founi divès konsèy detaye sou jesyon ijans ak sèvis sekirite, nou angaje nou pou ogmante investisman finansyèl pou ranfòse pwotokòl sekirite nou epi asire sekirite kominote BPS nou an. Lè n konsidere efè dirab pandemi an te genyen sou jèn nou yo, nou reyalize ke yon ogmantasyon investisman kontini nan sante mantal yo ak byennèt yo esansyèl. Nou ap kontinye konsantre sou elaji relasyon nou avèk vil nou an ak patnè kominote nou yo, ansanm ak Majistra Wu ki ap fè divès investisman enpòtan nan lòt departman ak ajans vil yo pou aliye travay sa.
5. **Lekòl Segondè ak Edikasyon Altènatif** - Pandemi an te egzasebe rezilta inekitab yo pami elèv segondè nou yo. Pou asire pi bon rezilta nan ane k ap vini yo, nou bezwen konsantre efò nou yo sou santraj divès atou epi idantifye jèn nou yo nan pwofite de vwa yo pou ranfòse plizyèl pakou vè reyisit pòs segondè. Youn nan prensipal objektif yo se pou kreye divès tranzisyon san rete pou tout elèv yo toutotan y ap jwenn diplòm yo epi pouswiv etid fakilte ak pwofesyonèl yo. Sa kapab fèt pandan y ap elaji Pakou Fakilte Bonè ak Pwofesyonèl pou tout elèv segondè yo epi kreye divès pakou altènatif ak pwogramasyon pou elèv ki bezwen sipò adisyonèl nan klas 7-12. Anplis, nou ap efòse nou pou fè patenarya avèk divès òganizasyon pou ofri bay elèv yo divès opòtinite akademik ak pwofesyonèl solid ki adapte ak pwen fò yo. Lè nou fè sa, nou kapab ede elèv nou yo vin aprenan otonòm, pèmèt yo vin pi bon vèsyon yo menm epi kontribiye ak divès kominote lekòl florisan.
6. **Angajman Fanmi ak Kominote** - Veritab pratik angajman familyal ak kominote esansyèl pou ogmante konfyans nan kominote nou an epi founi nou opòtinite esansyèl pou resevwa divès kontribisyon ak kòmantè valab. Efò sa yo fasone oryantasyon efò nou yo otou edikasyon oklizif, yon ansèyman baz solid Nivo 1, edikasyon miltileng ak miltikiltirèl, literasi ekitab, aksè ak travay sosyal, jistis reparatri, pratik sante mantal, ak divès opòtinite altènatif ak pòs segondè. Anplis, nou dwe asire ke lekòl nou yo kiltirèlman ak lengwistikman adapte ak elèv yo e ak fanmi yo e ke distri a ap reponn yon jan apwopriye ak bezwen elèv nou yo. Nan objektif sa, nou dwe investi nan yon ogmantasyon kolaborasyon ant administratè lekòl yo, edikatè yo, ak fòmasyon pou liyezon fanmi yo pou etabli patenarya avèk fanmi yo epi abòde ankò bezwen ki kapab souvan sèvi obstak ak aprantisaj. Nou dwe elaji tou òf nan Inivèsite Paran nou an pou ofri bay fanmi yo enfòmasyon yo bezwen pou navige nan lekòl. Fanmi yo jwe divès wol esansyèl nan reyisit timoun pa yo. Nou oblije asire ke nou ap envite fanmi nan wol sa yo epi soutni yo nan oryantasyon edikasyon pitit pa yo, swivi pwogrè pa yo ak defans bezwen pa yo. Efò sa yo pral kontribiye an fendkont pou kreye yon anviwònman ekitab kote tout elèv yo kapab epanwi.

Pandan ke nou ap reflechi ak bidjè sa e ak bidjè alavni yo, BPS gen de (2) defi dirabilite ak sa lekòl yo t ap konfwonte: Finansman ESSER touche nan fen li epi jenere fon jeneral ki alwe pou pwoteje lekòl yo de bènskripsyon yo pandan de (2) dènye egzèsis fiskal yo. Bidjè a vize pa redwi sèvis kritik yo pou lekòl yo nan ane k ap vini an pandan y ap garanti ke bidjè lekòl yo kòmanse absòbe dola inofansif pa yo yon jan estratejik. Nan Egzèsis²³, lekòl yo te resevwa 50\$ M finansman adisyonèl ESSER ak prèske tout sa nan finansman inofansif (49\$ M, ki gen ladan yo aterisaj an dousè). Byenke nou te lanse de (2) inisyativ transfòmasyon sistèm yo - Green New Deal ak pwojè Finansman Reenvante Lekòl - okenn nan yo p ap gen yon enpak bidjetè jiska Egzèsis²⁵. An atandan, nou dwe kòmanse transfere envestisman nan lekòl ki esansyèl yo ki soti nan ESSER ki ale nan fon jeneral la pandan y ap ekilibre nesosite pou depanse antyèman ESSER. Apwòch nou an pou ane sa se pou asire ke nou kapab kenbe sèvis esansyèl sa yo ki gen ladan yo eleman swivan yo:

- **Sèvis demenajman enpòtan ESSER ap finance aktyèlman nan Fon Jeneral:** Nou te travay avèk lekòl yo pou idantifye envestisman ESSER nan lekòl aktyèl yo ki aliye ak estrateji nou pou edikasyon enklizif, ekspansyon pwogram aprenan miltileng, oubyen literasi ekitab epi nou ap transfere pòs sa yo sou fon jeneral la. **Li nesèsè pou sekirize pòs sa yo odela ESSER.**
- **Nou ap deplase priz an chaj inofansif fon jeneral la nan ESSER. Apwòch sa vle di lekòl yo p ap bezwen koupe sèvis yo oubyen sipò pou elèv nan Ane Fiskal²⁴.** Nou konnen nou pa kapab retounen nan fason nou te konn abitye fè bagay yo. Pandemi an te chanje tout bagay, epi bezwen konsantre nou ankò plis sou bezwen chak elèv – kote yo ye. Sa ap bezwen fè nou oblije sou men nou, pou ajoute plis sipò pou elèv ki pi vilnerab nou yo, ak pou mezire pwogrè pa yo yon jan nou kapab founi chak resous yo bezwen pou reyisi. **Pa konsekan, nou p ap pwopoze yon rediksyon nan finansman inofansif la; olye de sa, nou ap pwopoze yon chanjman nan sous finansman an.** Nou pral kontinye kenbe yon ogmantasyon transparans kominotè ozalantou ESSER epi aliye sou rezilta elèv yo.

Reenvesti Fon Syèj yo ki Vid nan Salklas yo

Pou de (2) dènye ane yo, nou pa t mande lekòl yo pou egzamine yon jan kritik kantite salklas yo oubyen kapasite lekòl global yo. Sa te entansyonèl: nou te dwe detèmine nan ki mezi bènskripsyon yo te tanporè ak lye ak pandemi an. Ane sa, enskripsyon an te diminye mwens ke sa yo te prevwa - ki montre ke apwòch sa te omwen jistifye pasyèlman. Magre sa, nou ap toujou prevwa diminyasyon kontini nan enskripsyon yo nan ane alavni yo akòz de tandans demografik aktyèl yo, jan nou te konstate sa nan lòt sant nan vil la nan sa ki konsène diminyasyon global kantite timoun ki gen laj lekòl ak kowòt ki gen antre klas pi piti. Pandan pwochè egzèsis yo, lekòl yo p ap kapab konte sou politik inofansif nou an pou kenbe yon kapasite adisyonèl.

Nou dwe fè fas ak reyalyte k ap chanje yo nan distri nou an epi deplase resous yo yon jan pou reponn ak bezwen elèv yo e ak pou akselere amelyorasyon. Sa vle di nou pral bezwen rekonsidere kantite plas ki vid nan salklas nou te kenbe inofansif pou de (2) dènye ane yo epi konsidere kòman resous sa yo kapab itilize pou kreye divès opòtinite aprantisaj ekitab pou tout elèv yo.

Nou te mande lekòl yo pou gade avèk atansyon nan chak salklas sa ki fè sans pou konbine pandan n ap kenbe tay klas ki rekòmande a epi ki apwopriye a. Lè lekòl yo te kapab redwi kantite salklas akòz de plas ki vid yo, **nou pa t redwi bidjè pa yo oubyen kenbe kantite inofansif yo.** Olye de sa, nou t ap travay avèk yo pou reenvesti epay sa yo nan divès fason ki aliye avèk sis domèn priyorite ki mansyone pi wo yo.

Gen anpil travay pou fè, epi bidjè sa reprezante kòmansman travay nou an ansanm pou asire ke chak timoun, nan chak salklas, ak chak lekòl ki nan sistèm Piblik Boston yo gen menm opòtinite pou atenn grandè nan mitan yo. Mwen trè kontan pou m la epi mwen rekonesan pou opòtinite sa pou sèvi vil la, distri a, ak elèv mwen renmen anpil yo pandan nou ap kontinye detèmine pi bon fason pou fè sa atravè pwosesis bidjè sa ak pwosesis bidjè nou an nan ane k ap vini yo.

An apresiyasyon,

Mary Skipper